ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАУЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№88 (24.058) ● 2020 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 25, щэбэт ● Тхъэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щІыналъэхэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным теухуауэ щыта зэІущІэм

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Чайкэ Юрий бадзэуэгъуэм и 23-м иригъэкІыжащ КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа Іуэхугъэр щызэпкъраха зэІущІэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, «Сбербанк»-м и Президент, Правленэм и Унафэщі Греф Герман, КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихын ипэкІэ Чайкэ Юрий Греф Германрэ «Сбербанк»-м и лэжьакІуэ гупымрэ фІыщІэ яхуищІащ пандемием и хабзэхэм къагъэув мардэхэр къатемыихьэлъэн хуэдэу, щІыналъэм дежкІэ мыхьэнэзыуэ зиІэ къалэнхэр, социально-экономикэ щытыкІэр зэпІэзэрыту щытынымрэ къызэрэзэпэщыным екъэлІаХэр, дэгъэкІынымкІэ щІэгъэкъуэн къаэрыхуэхъум папщІэ.

«Гъэзэщакіуэ властым и федеральнэ, щІыналъэ органхэр зэдзэуэ зэрылажьэм, «Сбербанк»-м быдзу пыщІауэ зэрыщытым я фІыгъэкІэ зэгъэхуІа мэхъу коронавирус узыфэ зэрыщІалэм зэрызиубгъуэм къыдэкІуа гугъуехьхэр къызэнэкІыным теухуауэ къэралым и Унафэщым къигъэува къалэнхэр гъэзэща хъуныр. Нобэ, Іэмалыншагъэкіэ ягъэувын хуей мардэхэр тІэкІу къыщыщэба зэманым, япэ игъэщыпхъэ къалэну къоув экономикэр зэтегъэуэвэжыныр, абы и Ілажьбэу щыт хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ тэмэму лажьэу егъэжьэжыныр.

Пандемием и лъэхъэнэм хэпщІыкІыу нэхъыбэ хъуащ лэжьапІэнэзу ятхахэм я бжыгъэр. Абы къыхэкІыу зэхэлъхьауэ гъэзэщапхъэщ а бжыгъэр гъэмэщІэным хуэгъэпса Іуэхугъэр, ар апхуэдэуи сабэп хуэхъунущ экономикэр нэхъ псынщІэу зэтеувэжыным. КъимыдэкІэ, цІыхухэм я гукъыдэжыр къэзыІэтыну Іуэхугъэм ящыщащ социальнэ Іэнатіэм зегъэужьынри», - къыхэгъэщащ полномочнэ лІыкІуэм.

Абы зэрыжиІамкІэ, округым хыхьэ дэтхэнэ щІыналъэми иджыпсту апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ икІи абы ихьулІэ сэбэпыдэхэр хуохъу лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащІэр. АбыкІэ щІэтгъэкъуэн хъарзынэ мэхъу «Сбербанк»-м и проектхэу ягъэзащІэхэмрэ щІэуэ къыхалъхьэхэмри.

«Пандемием къиша гугъуехьхэр къызэнэкІа щыхъунур дыззэкъуэту дыззэдзлажьэмэщ икІи пІалъэ кІэщІым къриубыдэу экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ зегъэужьыным дыззэрыхуэкІуэжыну Іэмалу ар зэрыщытым шэч къытесхьэркъым», - къыхигъэбеджьылыкІащ Чайкэ Юрий.

«Сбербанк»-м и Президент, Правленэм и Унафэщі Греф Герман къыщыпсалъэм Чайкэ Юрий фІыщІэ хуищІащ коронавирусым къыдэкІуа гугъуехьхэр къызэнэкІын и лъэныкъуэкІэ банкымрэ КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэмрэ жыджэру зэдэлэжьэным сэбэп зэрыхуэхъум папщІэ. Апхуэдэуи Греф Герман къыхигъэщыжыкІащ экономикэм и Іэнатіэхэм бжыгъэр зи лъабжьэ сервисхэм епха проектыщхуэхэр щыгъэзэщыным банкыр зэрыхуэІэзэр.

Банкым КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм къахуигъэлъэгъуащ я щІыналъэхэр бжыгъэр зи лъабжьэ лэжьакІэм хуэгъэкІуэным екъэлІа проектыщІэхэр.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ пандемием и лъэхъэнэм хьэрычэт Іэнатіэмрэ цІыхухэмрэ защІэгъэкъуэнымкІэ, «Ахъшэ щызэІэпамых республикэхэр» проектым зегъэужьынымкІэ Іэмалхэм, бжыгъэр зи лъабжьэ Іэмалхэр школхэм къащыгъэсэбэпыным, цІыху акъыл хэмыхьэу лэжьигъэр зэтегъэпсыхьыным хьэрычэт Іэнатіэмрэ властым и органхэмрэ къагъэсэбэпынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым и лэжьыгъэм

Урысейм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат видеоконференц мардэм тету дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыналъэ зыужьныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭІУЩІЭМ зыщытепсэлъыхьахэм ящыщщ псэупІэ-коммунальнэ комплексыр бжыхьэ-щымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым, апхуэдэуи къалэм ущыпсэуну тынш щІыным теухуа программэхэр гъэзэщІа зэрыхъум теухуа Іуэхугъэр.

Хуснуллин Марат къыхигъащащ щымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр Урысейм и щІыналъэхэм мы зэманым гулъытэ нэхъыбэ зыхуащІыпхъэхэм зэращищыр. Правительствэр езыри хоплъэ абы и лъэныкъуэкІэ щІыпІэхэм зэрызащІигъэкъуэфыну щыІэ хэкІыпІэхэм.

Апхуэдэуи, Урысейм и вице-премьерым зэрыжиІамкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхутхьэбзэхэм щІат пщІэр пандемием и лъэхъэнэм ехуэхауэ щытами, мы зэманым ар зэтеувэжу хуежьащ.

УФ-м ухуэныгъэмкІэ и министр Якушев Владимир къызэрыигъэщамкІэ, щыІэ гугъуехьхэм емылытауэ, къэралым и щІыналъэхэм гъэлпымгъуэ лъэхъэнэм хьэрзынэу зыхуагъэхьэзыр, илъэс кІуам абы и лъэныкъуэкІэ зытета мардэхэм къитІасэу.

Абы апхуэдэуи къыхигъэщащ Урысейм и коммунальнэ сетхэм ящыщ куэд дыдэ жыы зэрыхуэар, ЖКХ Іэнатіэм хьыхь объектхэм ящыщу нэхъ мыхьэнэншэ дыдэхэр, къызэрыкІуэ щытыкІэ къэзышэнкІэ хъунухэр наІуэ къэщІыным теухуа къэпщытэныгъэхэр зэрыгагъэкІуэкІынур. А лэжьыгъэм щІыналъэ 47-м щыщІадзакІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Прохладнэ къыщызэІуахащ спортым зыщыхуагъасэ, узыншагъэр щрагъэфІакІуэ центр

Прохладнэ къалэм бадзэуэгъуэм и 22-м къыщызэІуахащ щІыхуэхэм спортым зыщыхуагъасэну, я узыншагъэр щрагъэфІакІуэну «Олимп» центрыщІэр. Абы екъэлІа гуфІэгъуэ зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, щІыналъэхэм, къалэ округхэм я унафэщІхэр, КЪБР-м и Правительствэм и лІыкІуэхэр.

КІУЭКІУЭ КАЗБЕК прохладнэдэсхэм екъуэхьауащ мыхьэншхуэ зиІэ Іуэху къаззрыдэхъуамкІэ, узыншагъэ быдэ яІэну, центрым и лэжьакІуэхэмрэ абы екІуэлІэнухэмрэ я Іэпкълъэпкъым зрагъэуэщІын, я Іэщіагъэм хагъэхьуэн и лъэныкъуэкІи екъулІэныгъэшхуэхэр зыІэрагъэхьэну, спорт текІуэныгъэщІэхэр къальэщырыну зэригуапэр жиІащ.

Республикэм и Унафэщым къыхигъэщащ коронавирус узыфэ зэрыщІалэм къыдэкІуа Іуэху мыщхьэпэхэм я зэранкІэ центрыр къызэІухьынымрэ ар шэщІауэ лажьэу зэтеуухуэнымрэ я пІалъэр ягъэІэпхъуэн хуей зэрыхьуар. ЩІыналъэм щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэр нобэм ирихьэлІэу хэпщІыкІыу ефІэкІуэжащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуэкІуащ ягъэува мардэхэм къытекІыжыным и ещанэ Іыхьэм.

«Мыр, пэж дыдэу, куэд щІауэ дызыпэплъа Іуэхущ, Прохладнэ и мызакъуэу, республикэм псом дежкІэ мыхьэнэзыуэ зиІэщ. Мыбы республикэ, щІыналъэзэхуаку зэпеуэ куэд зэрыщекІуэкІыну шэч къытехьэхьым. Центрым зыщагъэсэнщ ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм икІи прохладнэдэс чемпионхэм я бжыгъэм къахэхъуэнщ. Нэхъыщхьэ дыдэраци, щІэблэм, Прохладнэ щыпсэухэм я узыншагъэр ирагъэфІакІуэфынущ, абы кІэлъыплъыну Іэмал яІэнуц», - къыхигъащащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Спортым зыщыхуагъасэ, узыншагъэм щыкІэлъыплъ центр Прохладнэ къалэм щыхуэзн 2010 гъэм кърагъэжьауэ щытащ «2006 - 2015 гъэхэм кІриубыдэу Урысей Федерацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщІуужьыну щІыкІэр» зыуэ щыт федеральнэ программэм хьыхьэу. ИужькІэ ухуэныгъэр къызэтрагъэувыІэн хуей хъущ абы хуэхьын ахъшэ бюджетым зэримыІам къыхэкІыу. Ухуэныгъэр и кІэм нэгъэсыным трагъэкІуэдэн папщІэ 2019 гъэм республикэ бюджетым щыкухахауэ щытащ сом мелуан 50,2-рэ.

Псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ мини 5,5-рэ хъу спорт центрым хэтщ, бэнэным, боксым, аэробикэм, спорт джэгуІэхэм зыщыхуагъасэну, тренажёр залхэр, есыпІэ псыгуэн, зэхьэзэхуэхэм епльыну къекІуалІэхэр здэщысыну, цІыху 400 зэуэ зэрыхуэну, трибунэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ КъБР-м и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я унафэщІхэр зыхэта «муниципальнэ сыхьэтыр»

КІуэкІуэ Казбек цІыхухэм спортым зыщыхуагъасэну, я узыншагъэр щрагъэфІакІуэну бадзэуэгъуэм и 22-м къызэІуахащ «Олимп» центрым щригъэкІуэкІащ «муниципальнэ сыхьэт» зэІущІэр. Спорт Іуэхущ1апІэхэм республикэм зыщегъэужьыным теухуауэ щыта зэхуэсым хэтащ щІыналъэ администрацэхэм, къалэ округхэм я унафэщІхэр. Абы кІырихьэлІащ КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч А. Хь., республикэм спортымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Хьэсанэ И. М.

ЗЭІУЩІЭР кышызэІуихын КЪБР-м и Іэтащхьэм хъыхигъэщащ спорт инфраструктурэм зегъэужьыныр, цІыхухэм спорт лІэужьыгъуэхэм зыхуагъэсэнымкІэ Іэмалхэр къахуэзгъэпэщыныр щІыналъэм къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр.

Зи гугъу ящІ Іуэхум мыхьэнэ хэха зэриІэр къэралым и Президентым къыщыхигъэщащ Урысейм 2030 гъэ пщІондэ зэрызиужьыну унэтІыныгъэхэм ятеуухуэ Указым. Гупсысэ нэхъыщхьэ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщу абы бжыпэр щиІыгъащ «цІыхубэр, абыхэм я узыншагъэр хъумэным, зэІузэпэщыгъэр къызэгъэпэщыным» икІи къалэн нэхъыщхьэу къигъэувахэм япэ игъэщыпхъэр «физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыхуэзыгъасэхэм я бжыгъэм процент 70-м нэсу хэгъэхъуэныр». Ар къалэн лъагэщ, мыльку, къару куэди текІуэдэнущ, къызэгъэпэщынигъэ Іуэхущхэм пыщІащ икІи методикэ лъабжьэфІи иІэн хуейщ.

КІуэкІуэ К. В. къызэхуэсахэм ягу къиригъэкІыжащ лъэпкъ проектэм япкъ иткІэ 2019 - 2020 гъэхэм кІриубыдэу спорт ухуэныгъэ 50-м щІигъу зэраухуэнур - физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэжк комплексхэр, спорт утыкухэр ящІ, спорт Іэмэпсымэ куэд кІащэхуащ. Урысейм ЩІыхухэр егъэджэныкІэ и министерствэм и фІыгъэкІэ илъэсищым криубыдэу зэрагъэпэщыжащ школхэм я спортзалу 60-м щІигъу; «А псори узыншагъэр хъумэнкІэ, ди сабийхэм, щІыхухэм я Іэпкъльэпкъыр псыхьыным хэтщІ хэлъхьэныгъэщ. А лэжьыгъэм пытщэн хуей къудейуэ аракъым, атІэ ар щІэдгъэхуэбжьапхъэщ, федеральнэ проектхэм къыщыгъэлъэгъуахэм нэмыщІ, къэрал-щхьэзакъуэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьыпхъэщ, а Іэщіагъэм ирилэжьэфынущэр ирихьэзырын икІи методикэ лъабжьэ быди къахуэзгъэпэщын хуейщ, щІэныгъэм тету зыгъэсэныгъэхэр ирагъэкІуэкІын икІи спорт инфраструктурэр къагъэсэбэпын папщІэ».

«Демографие» лъэпкъ проектым щыщу ди щІыналъэм къьхьэлІа «Спортыр ди псэукІэм и мардэщ» Іыхьэр гъэзэщІа зэрыхъум и гугъу ищІащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Хьэсанэ Ислъам.

Илъэс блэкІам КЪБР-м и Правительствэм Іэ щІидзащ зэгурыІуэныгъэ ипплым, федеральнэ бюджетым щыщ субсидиехэр республикэм къыхуаутІыпщыным теухуауэ. Псори зэхэту сом мелуан 443,6-рэ къаІэрыхьащ абыхэм япкъ иткІэ. Илъэсым къриубыдэу я мыльку псори къыхуагъэсэбэпащ зыхуэхаха Іуэхухэм - республикэм и жылэхэм ухуэныгъэ 21-рэ щащІащ. Абыхэм ящыщщ ФОК-у тІу, Іуэху куэдым хуэщІа утыкуу бгъу, футбол джэгупІэ губгъуэу пІлы, щхьэ зытемыльэ ФОК-у тІу, апхуэдэуи ГТО-м и мардэхэр щат спорт утыкуу пІлы. КъимыдэкІэ, спорт Іэмэпсымэхэр, оборудованэхэр къыхуагъэсэбэпащ зыхуэхаха федеральнэ щапхъэхэм тету спортсменхэр щагъэхьэзыр Іуэхущ1апІэ 42-м.

2020 гъэм а лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ зэращыІэла зэгурыІуэныгъащым зэрыщыбзыхуам тету. Абыхэм япкъ иткІэ республикэм къыхуаутІыпщащ федеральнэ субсидиуэ сом мелуан 358,06-рэ. АбыкІэ ящыну я мурадщ спорт ухуэныгъэ 33-рэ - ФОК-рэ спорт залу тху, щхьэ зытемыльэ ухуэныгъэу 28-рэ, апхуэдэуи спорт Іэмэпсымэхэри кІащэхуну. Мы зэманым ирихьэлІэу Іэмэпсымэхэр къыхуашэу щІадзащ олимп, паралимп, сурдлим спорт лІэужьыгъуэхэм федеральнэ мардэм тету спортсменхэр щыхуагъасэ Іуэхущ1апІэ 44-м. И кІэм нагъэблагъащ Шэрэдж щІыналъэм хыхьэ Хэсщкъэтау кІуажэм 2019 гъэм къыщрагъжьауэ щаухуэ физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексыр.

2024 гъэ пщІондэ иджыри проектышхуэ зыбжанэ ягъэзащІэну я мурадщ. Абыхэм ящыщщ иджырей пятиборьем зыщыхуагъасэну спорт комплексыр, щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм дихьэхэм папщІэ ящыну физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексыр, апхуэдэуи лъэрыжкІэ къыщыбжьыхь хъуну, щхьэ тельу Налшык къалэм щаухуэнур.

КЪБР-м и муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэр тепсэлъыхьащ спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным ехьэлІауэ республикэм и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я Іуэху зыІутым.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылэ псоми спортым зыщыхуагъасэ Іуэхущ1апІэхэр яІэн, ахэр тэмэу лэжьэн, дэтхэнэ зы щІыхуми ар къигъэсэбэпыфу щытын зэрыхуэйр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщІа махуэшхуэ дауэдапщэхэр егъэкІуэкІынымрэ зи нэІэ щІэтыну республикэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщІа махуэшхуэ дауэдапщэхэр егъэкІуэкІынымрэ зи нэІэ щІэтыну республикэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм гъатхэпэм и 29-м къыдигъэкІа Унафэ №23-УГ-м щыщ Іыхьэу къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэм екъэлІам.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м
№91-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №91-УГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщІа махуэшхуэ дауэдапщэхэр егъэкІуэкІынымрэ зи нэІэ щІэтыну республикэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым

ХЭТХЭР

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Амщыкъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» Союзым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьынымкІэ и министрыр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Беппаев С. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж граждан жылагъуэ Іэхуэщ1апІэхэм зегъэужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр *(зэгурыІуауэ)*

Бэрбэч А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Борсэ Ю. Къ. - Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Дзэмыхь Къ. ФІ. - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым - «Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Дыщэкі А. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэхуэхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Залиханов Къ. Хь.-У. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакулов Б. М. - ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Къалэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министрыр

Кіэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщір

Кымахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарыр)*

Кунынжь М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

КІурашин А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Іэхуэщ1апІэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ ІэхуэхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэмкІэ и министрыр

Мэкъуауэ Т. Э. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІыла и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Нэхущ Э. А. - Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(зэгурыІуауэ)*

Опрышкэ О. Л. - Урысей Федерацэм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтыр *(зэгурыІуауэ)*

Павлов В. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ ІэхуэхэмкІэ министру щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономкэ зыужьныгъэмкІэ и министрыр

Сыжажэ Хь. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - «Адыгэ лъэпкъыр зэкъуэгъэзэвэным, хэкэс адыгэхэм хэкужьым пыщІэныгъэ кІыхуаІэным ехьэлІа Іуэхугъэ зэкІэлъызыгъакІуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Тараев И. В. - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

Дыхуейщ дызэзыгъэкIуж фэеплъхэм

● Жылагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Краснодар крайм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ къабгъэдэкIыу иужь тхьэмахуэм куэдым зыкъыхэхуагъэзащ Адлер щIы Олимпиадэ дамыгъэр зэрыIуахыжам теухуауэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм щы-жаIэхэм ехьэлIауэ. Къапщтэмэ, куэдым яфIэхьэдэгъуэдахэщ дизайнер цIэрыIуэ Лебедев Артемий и видеороликыр. Сэри абы сеплъащ икIи юристхэм я пщэ ислъхьащ урысей законодательствэр а гъэлъэгъуэныгъэм къызэрызэпиуд щыкIэр яубзыхуну. Къэпщытэныгъэм къыкIуэм елъытауэ хабзэм къигъэув Iэзхугъуэхэр дублэнщ икIи Iуэхум къыкIуэм Iэмал имыIэу фыщыдзэгъуэзэнущ.

ФИГУ къэзгъэкIыжынщи, 2020 гъэм мэкъуаэрэгъуэм и 30-м Сочэ и Къалэ зэхуэсым и депутатхэмрэ Сvirто-Троицэ члисэм и дин лэжьакIуэхэмрэ я жэрдэмкIэ Адлер хьэблэм щагъэуващ Кавказ заузэм и лъэхъэнэм абдежым щыIа пасэрей быдапIэм и домбеякъ картэр зыбет фэеплъ дамыгъэ. Ар ящIащ хуитныкIыгъ къезыт документхэр ямыIэу, къалэм и жылагъуэм я гупсысэр къамылъытэу икIи зрамыгъащIэу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, «Урысей Федерацэм и Iуэхущхьэ» ящIэнхабзэ щIэзнэхэм я объектэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Iэхуэкlэ» Федеральнэ законымрэ Краснодар крайм абы техуэу я кощыгъэ хабзэмрэ, къищынэмыщIауэ, Сочэ къалэм ведомствэхэм зэдай и топонимикэ комиссэм и положенэр къызэпауду.

Къалэм и администрацэм къэпщытэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ икIи хабзэншагъэр псынщIэу къихутэри, бадзэуэгъуэм и 8-м фэеплъ дамыгъэр Iуригъэхьжащ.

Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр нэхъапэм Урысейм къыщыхъуащ. Апхуэдэу, 2016 гъэм Санкт-Петербург щаГъуэври, мазиплI фIэкIа дэмыкIауэ, щыIуахыжащ Маннергейм Карл и фэеплъ пхъэбгъур. Санкт-Петербург щыпсэуэм ар яфIэтэмэкъым икIи щIыпIэ властым пхъэбгъур музейм игъэIорыкIуащ. А псори и щыхьэтщ хабзэм зэрытетыпхъэмрэ жылагъуэм и Iуэху епIыкIэр къызэрыпытапхъэмрэ.

Къайгъэр зэфIэкIа хуэдэт. Арщхьэкlэ медиа Iэнатlэхэм хъыбарегъащIэ зэрыхьэрий ин къыщIэтащ. Мы Iуэхум тхьэмахуэ етIуанэ хъуауэ топсэльыхь журналистхэр, къулыкъущIэхэр, бгырыкIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм жыджэру хэтхэр. Хэтри гупсысэ узынщхэр къыхелъхьэ, хэти жылэр къызэщIелъэгъот. Къапщтэмэ, «Эхо Москвы» радиостанцым къэхъуам хилъэгъуащ Тыркум и къызэIобэныгъэ. А Iуэху епIыкIэр къыпхъуэтащ Польшэм абы къыщыдзкI «Wyborcza» газетым. Абы къэтридза тхыгъэр нахуэу хуэунэтIащ Урысейм щытыкIэр къыщыщIэзэпIэнымрэ пIэлъкъ зэщыхьэныгъэ къыщыбгъэзыгъунымрэ.

Оппозицэм щыIэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр зыхуэщIэкъур гурыIуэгъуэми, умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым Адлер къыщыхъуар США-м фэеплъхэр зэрырахыжьым хуагъадэу къэралым и унафэм щIэт языныкIуэу СМИ-хэм къыззэрыщIэуатэр. Апхуэдэ щыкIэкIэ къагъэлъагъуэ Кавказым и тхыдэм хащIыкI щIагъуэ зэрыщымыIэр, псом хуэмыдэу епщыкIуГъуэнэ лIэщIыгъуэм щыIа Кавказ заузм. Языныкъуэхэм ар къалъытэ щхьэхуитщIыжакIуэу, кавказ мэкъумэсыщIэхэр пщыхэм къыщыIэщIэлъхьIыжа хуэдэу. Апхуэдэу щытмэ, гурыIуэгъуэкъым а щIыпIэр игъащIэ пльандэр зей лъэпкъхэм, псалъэм папщIэ, адыгэхэм, яцIыду заузр щыгъуэм ирихьэлIэу процентитхум нэблагъэ фIэкIа щIынальэм къыщIмыынэжар - ардейкэр хэти зэтраукIащ, хэти хэкум ирашащ. Абы щыгъуэми адыгэхращ лIэщIыгъуитI ипэкIэ, епщыкIуханэ - епщыкIуинэ лIэщIыгъуэхэм я пэщIэдэзэм, дзэ зекIуэхэм деж дэIэпыкъуэгъу нэсу пащтыхьхэм яIар - Иван Пётр Великэм и дежкъыщыщIэдзауэ Пётр Великэм и деж щиухьыж.

Конституцэм и статьяхэр щIэгъэкъуэн ящIыну хущIокъу. Арщхьэкlэ Iуэхур зытеухуар Кавказ заузм къыщыдыхэращ, Урысей империем и дежкIэ зэрыпхъэкIуэу, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэухэм я щхьэхуитщIыжакIуэу щытам - ар академие щIэныгъэм къиныбытакIэщ. ИкIи Хэкум и хъумакIуэхэм екъэлIауэ Конституцэм къыщыхьам зыкIи екъэлIакъым. УФ-м и Конституцэм и 67-нэ статьям итщ: «Урысей Федерацэм пщIэ хуеII Хэкум и хъумакIуэхэм я фэеплъым, тхыдэм и пэжыр хуэмэныр къызэрегъэпэщ. Хэкур щихъумэжкIэ цIыхубэм зэрихьа лIыгъэр гъэльэхьшэнкI идэр-къым». Нэрыльагъущ зи гугъу ищIыр 1812 гъэм щыIа Хэку заузмэрэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку заузшхуэмрэ зэрыарар, Урысейм папщIэ лIыгъэ хэлъу лъэпкъ куэду зэхэт щIыбзэгъэ, адыгэхэри, Кавказым щыпсэу адрейхэри яхэту, щызэуар.

ГурыIуэгъущ а Iуэхугъуэкъэ зэрыхьэрэ куэд зэрыщIар икIи зыгуэрхэм абыхэм хамыщIыкIмэ зэрахуэгъэзгъупхъэр. Арщхьэкlэ сыт щIэнгъебзэгъуэн хуейр щIыр, кагупсысахэр, къызыфIагъэщIахэр, зэщIэзыгъэт тхыгъэхэмрэ видеохэмрэ? Бжьыгъэ зи лъабжьэ хабзэм щыгъуэ хъыбар щызэбгребгъэхьну тыну быдзщ. Егупсысын хуейщ ар къаззэщIхьынум. Мис, къызэщIэплъащ сетхэр къэзыгъэсабэп Кавказым и щIыхэр, интеллигенцэм, тхакIуэхэм, тхыдэджхэм ящIущхэри яхэту, икIи интернет зауэ зэхаублащ. Хуабжьу дыхуейт онлайн-зэдауэкIэ зэрымыльагъуэу зэпэщIэтхэм Iуэхур къыззэтраГъэувыIэну. Я Iныныкъуэ блогерхэм роликхэр ирагъэтхъыуэ зэбграгъэх, Iуэхыжьа фэеплъ дамыгъэм и пIэкIэ Ермолов генералым и фэеплъ яГъэувыну къыхураджэу. Кавказым щыпсэухэм я дежкIэ Ермоловыр зэрыпхъуакIуэщ икIи, псалъэм папщIэ, абы и фэеплъыр къыщалъхуа Орловщинэм е Москва щыбгъэув хъунуми, ар щыпщIэ хъунукъым Сочэ, Гроэнэ е Налшык, а щIыпIэхэм щыпсэухэм хьэзаб куэд зэраригъэшэчам къыхэкIыу. Цыхухэм я тхыдэ фэеплъым ар пщIэ зэрыхуагъэI Iэмалщ.

Псори зэхэту Кавказ заузр ильэсищэм нэблагъэкIэ екIуэкIащ. Зауэр кIыхьу зэрыщытар, урысхэми кавказ лъэпкъхэми ящыщхэр бжыгъэншэу хэкIуадэу, и щыхьэтщ а щIыпIэм щыпсэуахэр бийм льэщу зэрыпэщIэтар. ИкIи ахэр, икIэм икIэкъым, зэрыщэтрахьутар зауэм къыщыхагъэщIауэ жыпIэ хъунукъым - цIыхухэм мыльэкIи куэд дыдэкIэ къебэкI пащтыхьыгъуэм и зэфIэкIым пэлъэщынутэкъым. Урыс усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэу кавказ лъэпкъхэм къезэуа Лермонтовым, ар зи нэгу щIэкIа Пушкиным, Толстой сымэ а зауэр яГъэдэхакъым, ауэ яIэтыкIэ къапэщIэтхэм я лIыгъэмэрэ хахуагъэмрэ, ягу ящIэзыгъ. Льэпкъым и нэхъыфIхэм ар я пэжагъ, цIыхугъэт, гъэсэныгъэт, иджыпсту хуабжьу дыхуэныкъуэу.

Сэ сызэрелъымкIэ, сыт щIэн хуейр Iуэхур дгъэтэмэжыжьын икIи жылагъуэр адэжи зэкъуэуда мыхъун папщIэ.

Адлер щагъэува фэеплъым зыуБгъуэуэ тепсэльыхьын хуейщ, жылагъуэр къыхэшауэ. Быдапlэр зэфIагъуэзэжыну яуСъуэдийнэ, нэгъуэщI унэтIыныгъэм абы иIапхъэр - урыс сэлэтхэми, я щIыр яхъумэжу абдежым щыхэкIуэда адыгэхэми ар траухуэн хуейщ. Тетхами цIыху псоми пщIэ зэрыхуащIыр кхъухэщ щытыпхъэщ, я щхьэ хуимыту ещыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм зэпэщIагъэувами. Иджыпсту тIощIрэ езанэ лIэщIыгъуэщ, куэд щIауэ щыIэжкъым текIуэхэри хагъэщIахэри. Дз, абыхэм я щIэблэхэр, зы федератинэ къэрал дыщыздопсэу. А Iуэхугъуэ гущIыхьэхэм яужькIэ Ди къэралым и пащтыхьэр дыкъыздыхэкIащ дунейпсо зауэтIым, цIыху мелуанхэр хэкIуадэу, революцэм, граждан зауэм, Сталиным и репрессиехэм, зэфIэгъэувэжыныгъэм. Гугъуехьхэм, хэщIыныгъэхэм, ди зэхуэдэ ехьулIэныгъэхэмрэ гуфIэгъуэхэмрэ дэ игъащIэкIэ дызэрапхащ.

Налшык и курыкупсэм итщ Иван Я6гэм и адыгэ щхьэгъусэ Марие и фэеплъ. Абы тетщ: «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу». КъыщынэмыщIауэ, щыIэщ «Псэ жыг» - Кавказ заузм хэкIуэда адыгэхэмрэ залымыгъэкIэ Хэкур зрагъэбгынакъэмрэ я фэеплъу. КьалэмущыдэльадэкIэ Iэныбжьэгъугъэм и аркэ щыщIщ. Ар 2007 гъэм духуащ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэгухьэныгъэр ильэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Ахэр зэпэщIэуэ хуэдащ. Арщхьэкlэ а фэеплъхэм къатощ ди зэхуэдэ тхыдэр, пэжым и тхыдэр.

Налшыки Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ и адрей кьалэхэм хэкIуэдахэм ятеуухуа зэзыгъэкIуэ фэеплъхэр нэхъыбэу щыгъэувын хуейуэ къыщIэкIынущ, лъпкъ псоми тхыдэм къаридза фэбжьыр къридгъэIагъуэру. Ахэр я щыхьэт хъунущ къэхъуар зэрытщымыгупщам, ауэ, ар тщIэж пэтми, нобэ зыри зэрыдмыгъэхъуаншэм. Фэеплъхэм яIэщ щэнхабзэ, тхыдэ, политикэ мыхьэнэ, абыхэм къагъэлъагъуэ щIыхуэхэмрэ властымрэ къэхъуа Iуэхугъуэхэм зэрахущытыр. ДызэпэщIэзыгъэкIуэтэхэр дгъэувыным сыт и мыхьэнэр? Дызэкъуэзыгъэувэ, дызэзыгъэныбжьэгъу, дызэгурызыгъаIуэ Iуэхугъуэхэр къэгъэутыпхъэщ.

Псалъэм папщIэ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ Краснодар къыщызэIуахащ Ящэ дунейпсо зауэм и лIыхъужьхэм я фэеплъ, Урысейм папщIэ лъы зыгъэжа бгырысрэ къэзакъэр зэбгурыту. Адыгейм фэеплъ махуэ щагъэуваш: фокIадэм и 5-р Ящэ дунейпсо зауэм дзэ зэныбжьэгъугъэ къыщызыгъэлъэгъуа адыгэхэмрэ къзакъэхэмрэ я фэеплъ махуэщ. Мейкъуапэ и курыкупсэм итщ фэеплъ - адыгэ зауэлIэ урыс лIыхъужьрэ зэбгъэдэту. Ар и щыхьэтщ Адыгеймрэ Урысеймрэ я зэкъуэтыныгъэм.

ЗэзыгъэкIуэ дамыгъэхэр зэмылIэужьыгъуэу щытыкIынущ. Фэеплъ яхуэбгъэув хъунущ къаухъуреихьа Ленинград хьыдаша жрэт сабийхэр ирамыгъэкIыу, я псэ емыблэжу къэзыгъэла адыгэхэм. Псом ящхьэращи, блэкIам щыIар тегъэлэжьапхъэщ гуапагъэм, зэгурыIуэныгъэм, зэныбжьэгъугъэм, зэкъуэшныгъэм. Абы и зэранкIэ, цIыхухэр зэпэщIэбгъэувэ, къэзыщIэбгъэст, гупсысэр дыкъуакъуэ пщIы хъунукъым.

Ди къэралым хэти хуитныгъэ щIэщ игу илъыр къыщIуэтэну - ар демократиер зи лъабжьэ екъуIэныгъэ инщ. Хуабжьу дыхуейт а хуитныгъэм къэралым и зэран емыкIыу и сэбэп хэлъыну.

КЪАНОКЪУЭ Арсен,
УФ-м Федерацэмкlэ и Советым хэт, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием и тхьэмадэ.

КъуэщIысокъуэ Iэдэм Борис и къуэр

Къызыхэкlа лъэпкъым щыщхэм я мызакъуэу, Къуэкъуржьи Ипщэм щыпсэуэхэми гущIыхьэщ КъуэщIысокъуэ Iэдэм Борис и къуэр зэуэзэпсэу дунейм зэрехьажр.

Ильэс 52-рэ фIэкIа мелуанитIми, Iэдэм и гъащIэ гъуэгур Iуэхуфlхэмкlэ гъэнщIауэ щытащ. ХьэрычэтыщIэт, и гумрэ и псэмрэ хуиттт, кьилэжьми псапэхуэщIэу Iыхьэфl хигъэкIыфырт.

ЦIыху псэ къабзэу, нэшхуэгушхуэу дунейм тета КъуэщIысокъуэ Iэдэм и унагъуэм, лъэпкъым дахуогузавэ, дадощыгъуэ. Я гуэзвэгъуэр Iэтыгъуафlэ Алыхьым ящищI. Iэдэм жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ.

Уэрэнхэ, Хьафыщ1эхэ я унагъуэхэр, Iэдэм и ныбжьэгъуэхэр.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 25, *щэбэт*

♦УФ-м Следствиемкlэ и органхэм я ныбжьэкIуэм и махуэщ

♦Урысейм псым къулыкъу щезыхьэкI и полицэм и махуэщ

♦УФ-м и Сату Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Белоруссием и мафIэсгъэувкIыфI Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1472 гъэм шэрджэс кхъух 24-рэ тенджыз фIыцIэм зэпрыкIри, Тыркум теуауэ щытащ.

♦1567 гъэм Венесуэлэм и кьалащхъэ Каракас и лъабжьэр яГъэтIылъащ.

♦1942 гъэм щIидзащ Кавказым папщIэ екIуэкIа заузм. Советыдзэхэмрэ нэмыцIхэмрэ абы папщIэ зэпэщIэтащ 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25 щегъэжьауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9 пщIондэ.

♦1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущI гъуэгур зэфIэгъэувэжыныр зэфIэкIащ.

♦1946 гъэм США-м псы щIагъым (Бикини атоллым деж) щагъэунэхуащ атом Iэщэм и лъэщагъыр.

♦1947 гъэм Чехием и кьалащхъэ Прагэ къыщыззIуахащ щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я I дунейпсо фестивалыр.

♦1984 гъэм дунейм щыяпэу щIыхьэф-космонавтыр зэрышым ыхьащ. Ар зыхуэзэфIэкIар совет космонавт Савицкая Светланэщ. «Салют-7» кхъухьым икIри, ар хьэрщ зэIухам хыхьащ.

♦1992 гъэм Барселонэ кьалэм (Испание) къыщыззIуахащ XXV Гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ахэр екIуэкIащ бадзэуэгъуэм и 25 - щыщхьэIуэм и 9-хэм.

♦Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, юстицэмкIэ министр, депутату, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьикмэт (МафIэдз) Умар** къыззэралъхурэ ильэси 134-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Ахъмэт Мухьэдин** къыззэралъхурэ ильэси 103-рэ ирокъу.

♦Тхакlуэ, кинорежиссёр, актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шукшин Василий** къыззэралъхурэ ильэс 91-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, Адыгейм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хъут Шэмсэдин** и ныбжьыр ильэс 84-рэ ирокъу.

♦Публицист, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Аттаев Жэмал** и ныбжьыр ильэс 76-рэ ирокъу.

♦АР-м и къэрал лэжьакIуэ, журналист, политикэ щIэныгъэхэм я доктор **КIэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр ильэс 72-рэ ирокъу.

♦Географие щIэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфаща **Болэ Владислав** и ныбжьыр ильэс 71-рэ ирокъу.

♦АР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор** и ныбжьыр ильэс 48-рэ ирокъу.

♦Боксёр, Олимп Джэгуэхэм жэз медаль къыщызыхьа **Хърачэ Мурат** и ныбжьыр ильэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 26, *тхьэмахуэ*

♦УФ-м и Дзэ-Тенджыз флотым и махуэщ

♦Эсперантэ бзэм и махуэщ. 1887 гъэм Варшавэ (Польшэ) урысыбзэкIэ къыщыдзкIащ эсперантэ бзэр зэрыгаръэджыну ящэ учебникыр.

♦Урысейм щагъэлъапIэ парашютистым и махуэр

♦Белоруссиемрэ Украинэмрэ я сату Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1770 гъэм, Урыс-Тырку зауэм и зэманым, генерал Репнин Николай эн пашэ дзэм Измаил бдапIэр къащтащ.

♦1805 гъэм Везувий вулканыр кIыбыгъуэкIри, Неаполь кьалэм и зэхэщIэтIым нэхъри нэхъыбэр зэтрикъутащ. А гуэзвэгъуэм цIыху мин 26-м нэблагъэ хэкIуадэуэ щытащ.

♦1946 гъэм Москва къыщызэIуахащ СССР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и Гознак управленэм и типографиер. Иджыпсту ар УФ-м Финансхэмкlэ и министерствэм и Гознакым и типографиерщ, урысей ахъшэхэр щытрадзэрщ.

♦1953 гъэм Кубэм щIыхьэр къыщыззэрыIэтащ, Батистэ Фульхенсио къэралым щызэрихьэ залымыгъэхэр ямыдэу. Лъэпкъ зэщIэхьеенныгъэм и пашэр узэчыщIалэ Кастрэ Фидель. Текlуэныгъэр кьахьа иужькIэ ар Кубэм и унафэщIу щытащ ильэс 30-м щIигъкIэ.

♦1957 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу гъуэгуанэшхуэ зэпызычыф баллистическэ ракетэр иутIыпщащ.

♦1963 гъэм Горький дзт автозаводым щызэпэкъралъхьащ хьэлъэзешэ автомобиль лIэужьыгъуэщIэр - «ГАЗ-53»-р.

♦1963 гъэм Югославием и Скопье кьалэм щIыр щыхъеири, ухуэныгъэ куэд зэтрикъутащ, цIыху миным щIигъуи хэхуэдащ.

♦1971 гъэм СССР-м и кинотеатрхэм гъэльэгъуэн щыщIадзащ «Офицерхэр» фильмыр. Совет кинематографым и екъулIэныгъэшхуэу, абы и дыщэ гъэтIылъыгъэхэм ящыщу иужькIэ кьалъыта фильмым цIыху мелуан 53-рэ епльат. Фильмым ди зэманми мыхьэнэшхуэ зэриIэм и щыхьэту, абы хэт лIыхъужь нэхъыщхьэхэм 2013 гъэм Москва фэеплъ щыхуагъэуваУ щытащ.

♦1993 гъэм Урысейм пщIэ щамыIэж хъуащ СССР-м къыщыдагъэкIа ахъшэхэм. 1961 - 1992 гъэхэм зекIуа совет ахъшэхэм я пIэ кIыуващ урысей сомыр.

♦Иджыпсту тхакIуэ, драматург, Нобель и саугъэтыр зрата **Шоу Бернард** къыззралъхурэ ильэси 164-рэ ирокъу.

♦Тхакlуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Опрышкэ Олег** и ныбжьыр ильэс 84-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Къумахуэ Мурадин** къызэралъхурэ ильэс 79-рэ ирокъу.

♦Тыркым щыщ актёр, сценарист, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Онер Четин (ГъэзгулI)** къыззралъхурэ ильэс 77-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бицу Анатолэ** и ныбжьыр ильэс 74-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Къардэн Алик** и ныбжьыр ильэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущIэ, политик **Кириенкэ Сергей** и ныбжьыр ильэс 58-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актрисэ цIэрыIуэ, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Баллок Сандрэ** и ныбжьыр ильэс 56-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Iэщын Руслан** и ныбжьыр ильэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 27, *блыщхьэ*

♦Вьетнамым щагъэлъапIэ къэралым и щхьэхуитныгъэм щIэбэнырэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэр

♦Финляндием махуэ гъэщIэгъуэн - жейнэдым и махуэ - щагъэлъапIэ

♦1147 гъэм Москва кьалэм и ехьэлIауэ ягъэтIылъащ.

♦1694 гъэм дунейм щыяпэу Инджылызым къыщыззIуахащ и банк нэхъыщхьэр. ЦIыху 1268-рэ я мылъку халъхьат Шотландием щыщ къэрычэтыщIэ Патерсон Уильям и банкым.

♦1841 гъэм Патигорск пэмыжьжьэу Мэшыкъуэ бгы льапэм и деж щаухкIащ урыс усакIуэ, тхакIуэ щэджащэ **Лермонтов Михаил**.

♦1922 гъэм Адыгей автономнэ областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1921 гъэм Канадэм щыщ физиолог **Бантинг Фредерик** хэIущIыIу ищIащ инсулин хущхьэгъуэгъэр зэрызэхилъхьар.

♦1941 гъэм Симонов Константин Москва щитхащ «Жди меня» зыфIища усэр. Зауэ зэманым ятхахэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэ хъуахэм ящыщщ а усэр.

♦1944 гъэм советыдзэхэм хуит хъащIыжащ Львов къалэр.

♦1952 гъэм Индыл-Тэн кIэнаузр къызэрызэуахащ.

♦1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къызэIуахащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетщ.

♦1985 гъэм Москва къыщызэIуахащ ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XII дунейпсо фестивалыр. ГуфIэгъуэ зэхьыхьэр къызэIуихат КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ я зэманым щыта Горбачёв Михаил. Фестивалыр щыщхьэIуIум и 3 пщIондэ екIуэкIащ.

♦1990 гъэм БелоруссКэ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кIыщащ я къэрал суверенитетым теухуауэ.

♦1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент къулыкъур.

♦2012 гъэм Инджылызым и кьалащхъэ Лондон къыщызэIуахащ XXX Гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ахэр екIуэкIащ бадзэуэгъуэм и 27 - щыщхьэIуIум и 12-хэм.

♦Совет шахматистэ, дунейпсо чемпионкэ **Руденкэ Людмилэ** къызэралъхурэ ильэси 116-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** къызэралъхурэ ильэс 96-рэ ирокъу.

♦Социалист Лжэныгъэм и ЛIыхъужь **Iэбубэчыр Нажмудин** къызэралъхурэ ильэс 92-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей** къызэралъхурэ ильэс 84-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чуякъуэ Инус** и ныбжьыр ильэс 80 ирокъу.

♦ЖыIагъуэ лэжьакIуэ, Тэрч щIыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Емкъуж Хьэсэнбий** къызэралъхурэ ильэс 75-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIэнэтI Лидие** къыщалъхуа махуэщ.

♦Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ **Тау Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

ЖыIагъуэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыIэкъым.

● ЕГЭ-2020

Ныбжьыщ1эхэм я зэфIэкI лъагэхэр

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм (ЕГЭ) якарикIуэхэр мы махуэхэм наIуэ къохьу. Ди гуапэ зэрыхъущи, къэпщытэныгъэхэм къагъэлъагъуэ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэфI зэрабгъэдэлъыр, я зэфIэкIи зэрыхъхъуар.

МЫ МАХУЭХЭМ наIуэ къэхъуащ урысыбзэмкIэ ЕГЭ-м и курикIуахэри. Нэгъабэрей къэпщытэныгъэхэм еплъытмэ, Iэмалыншэу зыхуеину балл нэхъ мащIэ дыдэр къэзымыхьыфахэм я бжьгъэм хэщIащ. Апхуэдэуи экзаменыр зытахэм ящыщу щыхьу щIыхь 10-м абыкIэ балли 100 къахьащ. ЗэфIэкI лъагэ къэзыгъэлъагъуэхэм ящыщщ Налшык дэт курыт школхэм я еджакIуэхэу Къэрэшей Тамилэрэ Щауэ Алинэрэ, Борий Наидэрэ Брай Лянэрэ, Чэпмэт Гульнарэрэ Таукенов Муратрэ, Тутыкъу Бэллэ сымэ, Бахьсэн къалэм дэт курыт школ №3-м и еджакIуэ Хъупсурджэн Эмир. Балл нэхъ лъагэ дыдэкIэ къахьащ къуажэ школхэм щеджэ ныбжьыщIэхэми. Апхуэдэхэущ Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэм дэт курыт школым щыщ Кьлыш Тамерлан, Шэджэм ЕтIуанэ жьыIэм дэт курыт школ №3-м и еджакIуэ Къардэн Дианэ сымэ. Балл 98-рэ къахьащ ныбжьыщIэ 18-м.

Нэгъабэрейм еплъытмэ, 2020 гъэм хэхъуащ ныбжьыщIэхэм урысыбзэмкIэ ихуиту къахьа баллхэми. Ахэр хуэкIуэ къэралым ику ину щыщэкIуэ бжьыгъэхэм.

ЕкъулIэныгъэ лъагэ зыIэрыгъэхьаэхэми, курыт школыр мы гъэм къэзыух адрей ныбжьыщIэ псоми дохъуэхъу я мурадхэр кьайхъулIэну, я гугъапIэхэм лъэIэсыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Эрдоган Тайип Истамбыл и мэжджытышхуэм нэмэз щещI

Тыркум и президент Эрдоган Тайип бадзэуэгъуэм и 24-м азэн къыщыджащ, КъурIэным щыщ Iэят къыщыдэхащ, иужькIэ жумгъэ нэмэзри щищIащ Истамбыл къыщызэIуахыжа мэжджытышхуэм. Иужьрей илъэс 86-м къриубыдэу апхуэдэ Iуэху я уардэунэм япэу къыщыхъуауэ аращ.

● Дыгъуасэ

СОФИЕ Цихьым и цIэр зезыхьэ музейм, нэхъ пасэм муслъымэнхэм я тхьэ елъэIуплIэу щытам, аргуэру мэжджыт статус игъэтыжыным теухуа псалъэмакъыр къыззрежьэрэ куэд щIащ. Апхуэдэу щытми, абы ящыщ ихьэу ар зэрызрагъэхъуIуIэрэ куэд щIакъым. Абы теухуа унафэ Тыркым и къэрал Советым къыщтащ 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м, а махуэ дыдэми Эрдоган Iэ тридзащ уиданэ. А псом ипIэуэкIэ, мэкъуаэрэгъуэм и 5-м, Тыркум и президентым и дзIэпыкъуэгъуэхэм пщэрыльэ ящищIауэ щытащ кърахьэжьа Iуэхум хэпльэу, музейр мэжджыт зэращIыжьым ехьэлIа зыхуэфащэ документхэр яГъэхьэзырыну.

Советым хэт псоми зэдзарэзыуэ Iэ яIэтащ 1934 гъэм министрхэм я кабинетым ищIа унафэр - чыристанэхэм я тхьэелъэIуплIэр музей щынэр щыубзыхуар - къэтэжьыным и тельхьэу. Абыхэм я Iуэху епIыкIэм и лъабжьэр а уардэунэр Мехмед Фатихь сулътIаным и мылъкуу зэрыщытарщ. ИужькIэ ар муслъымэнхэм я фондым иритащ. «Апхуэдэу щыщыткIэ, а мылъкум министрхэм унафэ тращIыхьну хуитакъым, абы я Iуэху хэлъэтэкъымэ», - щыжаIащ Тыркым и къэрал Советым. Уеблэмэ, абыхэм шэч кьытрахьэ унэр музей щынэм теухуа тхьапшэ я къэралыгъуэм и къызэгъэпэщащIэу Ататюрк Кемаль Iэ щIидзауэ, тхьэдджэхэм тегъэщIапIэ ящI дэфтэрым тельыр абы и Iэр армыраУи трагъэныныкъ.

Арати, Эрдоган мэжджытыщIэм муслъымэнхэм нэмэз щащIыну хуит зыщI указым Iэ щIидзам и мызакъуэу, езыр кIэрри абы азэни къыщыджащ. Президентым щыIуащ къэралым и Правительствэм хэт къулыкъущIэхэри. Апхуэдэ щыкIэкIэ къэралым и пашэм щIигъэбыдащ езым ищIа унафэр. Абы хамэ къэралхэм щыщ куэд арэзы темыхуэми, ари къридзакъым Тыркум и унафэщIым.

Софие Цихьым и цIэр зезыхьэу щыта уардэунэм и тхыдэм къызэрыхэщыкIэ, ар яухуат 537 гъэм икIи илъэс куэдкIэ щытащ чыристанхэм я тхьэелъэIуплIэу. 1453 гъэм тырку сулътIаным и дзэхэм Константинополь кьалэр яубда нэужь, ар мэжджыт ящI

Зи гъащIэр макъамэ зэфэзэщ

УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор цIэрыIуэ Даур Аслъэн Алий и къуэр къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

Композитор, егъэджакIуэ, дирижёр, публицист, IуэрыIуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ Даур Аслъэн Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Хьэбзэ адыгэ къуажэм къыщалъхуащ 1940 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м. Щысабийм щегъэжьауэ ар дахьхащ адыгэ хъыбарыжьхэм, «Нарт» эпосым, цIыхубэ уэрэджыIакIуэхэмрэ музыкант цIэрыIуэхэмрэ я лэжьыгъэм, тIэпкъ хабзэхэр зэрагъэщIэм, хьэгъуэлIыгъуэхэм щилъагъу кьафэхэм.

Къуажэм, районым щыIэ самодеятельностхэм щыжьдэжьт, накъыр епщэрт, бэрэбанэ еуэрт. Иджыри школакIуэу, Шэрджэсым и къэфакIуэ ансамблым и бэрэбэнауэу, ар хэтащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгъэхьэрэ илъэс щиплI зэрырикъум и щIыхькIэ 1957 гъэм Москва щагъэхьэкIа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэм. Абы щилъагъуэхэмрэ щызэхихахэмрэ, композитор цIэрыIуэ Мурадели Ваню зэрыхуэзамрэ зэрепсэлъылIамрэ хьэкъыу пхагъэкIат Аслъэн макъамэншэу зэрымыпсэуфынур икIи игу иритхьат ар IэщIагъэ ищIыну.

Даурым и мурадыр пасэу къехьулIащ. Ставрополь къалэм дэт музучилищым и дирижёр къудамэм щIэныгъэ щызрегъэгъуэт (абы щыгъуэ Черкесск къалэм апхуэдэ еджапIэ дэтакъым). ИужькIэ къуэх Москва щыIэ консерваторэм и композитор къудамэр аспирантурэр.

МузыкэмкIэ училищэм щIэсу хорым и дирижёр Iэщагъэм къыдэкIуэу уэрэд зэхэлъэнми и къару щигъэнэхун щIедзэ. Композитор щIалэм и япэ IэдакъэщIэкIэр радиом щрегъэтх, занщIэуи ахэр щIыхубэм ятхуагъэ. Япэ екъулIэныгъэхэм Аслъэн дамэ къытрагъакIэри, езым къызэригъэпэщауэ игъэлажьэ студент лъэпкъ ансамблым жьыдэжу уэотхэ.

Зэчиишхуэ бгъэдэлъу Тхъэм къигъэщIат Аслъэн. Абы и щыхьэтщ курыт еджапIэм къыщыщIэдзауэ аспирантурэм щыщIэкIыжу псори диплом плъыжькIэ зэвырируэр. Консерваторэм и ещанэ курсым щеджэу, композитор цIэрыIуэ Свиридов Георгий Даурым зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъым гу льитэри, абы и жэрдэмкIэ, Урысейм и Композиторхэм я союзым хагъэхьауэ щытат. Апхуэдэу къыщыхъур закъуэтIакъуэхэт.

Консерваторэр къиухыу къигъэзэжа нэужь, Аслъэн Черкесск къалэм дэт МузыкэмкIэ училищэм и унафэщIу икIи егъэджакIуэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Иджыпсту а еджапIэм Даурым и

цIэр зэрехьэ, абы и пщIантIэм фэеплъ щыхуагъэуващ.

Композиторым и къалэмыпIэм къыщIэкIащ жанркIэ зэтемыхуэ макъамэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Абыхэм яхэтщ симфоническэ, камернэ произведенэхэр, хорымрэ пащIэ итха ораториехэр, музыкэ Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэм папщIэ иусахэр, сабий уэрэдхэр.

Аслъэн дэтхэнэ лъэпкъми и макъамэ фащэр зыхуэдэм фIыуэ щыгъуазэ, абы хэм хуэIэзэ профессиональнэ композиторт. Абы пщIэшхуэ зэрилам, дызыкъуагъэ зэрыщытам и щыхьэтщ Ставрополь краеми Къурэшей-Шэрджэсми я Композиторхэм я зэгухьэныгъэхэм я тхьмадзэ зэрыщытар, ди республикIэм и Композиторхэм я союзми зэрыхэтар. Даурым и творчествэм иIэ мыхьэнэр къагъэлъагъуэ абы къыхуагъэфащэ саугъэтхэм, цIэ лъапIэхэм: ар Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м гъуэджьхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъазым щыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэ артистщ.

ЦIыхум и гуащIэр, и гъащIэр наIуэу уи нэгу кьыщIыхьэныкIэ, и дуней тетыкIэм уэгъуэзэныкIэ нэхъыфIри нэхъапэри абы и ныбжьэгъуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ я пащIэ зэхэпхыныр. Аслъэн теухуауэ гукъэкIыж гуапэ зиIэр мащIэкъым. Ар абы къилэжьащ и емызэш лэжьыгъэмкIэ, и зэчиймкIэ, и цIыхуфIагъымкIэ. Нобэрей ди тхыгъэм и курыхри Даур Аслъэн хужаIэхэрщ.

1970 ГЪЭХЭМ я пэщIэдзэт. ЩоджэнцыкIУ Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щыIэкIыпт профтехущIэныгъэм хиубыдэ еджапIэхэм я художественнэ самодеятельностым я зэпеуэ. Сэри абы сшат сызыдэлажьэ зэрэджьыIакIуэ гуп.

Зэхьэзэхуэр ияха нэужь, абы хэта ансамблхэм я художественнэ унафэщIэкIэр сценэм драгъэблагъэри, щхьэж хуэгъэфэща дипломхэр, щIыхь тхыльхэр къэпщытакIуэ гупым хэтхэм къытIэщIалъхьэжащ.

Утыкум сыкъэкIыжри, театрым сыкъэщIэмыкIыж щIыкIэ, зы щIалэ къамылыфэ нэжэгужэ гуэр, нэгуэдж IулIу, къызбгъэдыхьри, си Iэр къиубыдащ: «ФIыщIэ пхуэсщIу аращ зыкъэщIыпхуэзгъэзэар, уи уэрэджыIакIуэ гупым нобэ игъэзэщIа уэрэдыр эйр сэращ, сэ сы-Даур Аслъэнщ, сыкомпозиторщ. Нобэ фIэкIа а уэрэдыр сценэм щыIуу зэхэсхакъым, арэзы сыкъэпщIащи, тхьэм уигъэпсэу, дяпэкIэ укъысхсуей хьмэ, дызэрыгъэтынщ, си гуапэуи сыбдэлэжьэнщ», - къызжиIэщ, къыщызгъэтынур ито тхыльымпIэ кIапэ кьызитри, ныжьыкIа гупым хьихьэжащ.

Езыр сымыщIыхуми, си уэрэдхэр журналхэм я къытехуэ, Москва къыщыдэкI буклет зэмылIэужьыгъуэхэм зи Iэдакъэщ Iэкъэр иту срихьэлIэ Даур Аслъэн абы щыгъуэщ япэ дыдэу щысльэгъуар. А зэманым хэт игу къэжкIыт ди зэхуакум зэныбжьэгъугъэ пэж къыдэхъуэну, дыззэдэлажьэну.

Аслъэн дэнэ щIыпIэ щымыIами, щымылэжьами, гукIи пэжкIи Къэбэрдей щынальэм къыхуэгъэзат: щIэхщIэныгъэ кьакIуэрт, радиом и хорымрэ уэрэджьыIакIуэхэмрэ папщIэ итхахэр кьиохьырт, театрми филармониеми я артистхэм ядэлажьэрт, симфоние оркестрым папщIэ и Iэдакъэм къыщIэкIакъэр къыритрадзэрт. Къыщынэмыщ Iауэ, ди лъэпкъ телевиденэми радиоми нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр щригъэкIуэкIырт. Апхуэдэу ар икIи профессиональнэ пианистт. Репетицэ щригъэкIуэкIкIэ концертмейстер, аккомпаниатор жьхуэтIэхэм лъыхъуэрт къыым - а къалэнри езым зэфIигъэкIырт. А псом къыдэкIуэуи къызэгъэпэщакIуэ Iэзэт, дзянь нэсырт, псори зэпищIэрт. Шэрджэсми ди республикэми я радиохэм я хорхэр зэщIикъуэгъуэфырт, зэгъэуэгъэ концертхэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щагриъэтырт.

Иужь зэманхэм Аслъэн и узынщагъэм зэрыкIэрыхум гу лъмытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. И гукъыдэжьэ нэхъ ужьыхат, апхуэдизкIэ щхьэрагъ зыхэлъ цIыхур щэху хъуат. Абы гу лъиэзыта Iыхьлыхэм Аслъэн сымаджэщым ягъэгъуэлъащ. Куэдрэ щIэлъащ ар абы, зы мафхуи дэкIакъым сэ сыщIэмыпущIэу, сымыкIуэу, ауэ зэи щэч къытехьатэкъым мыхьужьыну. Ар сымаджэщым щыщIэхуам зэрыщытамрэ иужькIэ зэрыхъуамрэ зэзэпщагъуейт. И нэгур гъуэжьыфэ хъуат, махуэ зэбжанэкIэ имыуэсэ и жьакIэми фаджэ щIэхъукIырт. СызэрыпэщхьакIи гу лъезмыгъатэу, сыдэгуышIэ щыкIуэ, жесIащ: «Уа, Аслъэн, пщдэй щыIубгъэхэм зэрамахуэр пщыгъупщжауэ ара, апхуэдизкIэ жьакIэ птету мыбы щылажьэ бзылъхугъэхэм закъебгъэлъагъу хъурэ, сыгъэупсу уи жьакIэр». «Сэ сыупсыжынкъэ, унэжьи, моуэ зэ сыкъегъэувэх», - къызжиIат гуГъэу. АрщхьэкIэ хуэзфIэкIакъым. ЕрагъкIэ нэху згъэщIащ, жьакIэупс Iэмэпсымэр къысщтэри, жьыуэ сынэсащ сымаджэщым. СыщщыIыхьам и нэхэр зэтепIат, сыщыIуплъэм - си гур къиузыкIащ. «Нобэ хуэдэ махуэм ухэлъ хъун, Аслъэн», - жызоIэри къызэфIызэгъэтIысхьэ. И жьакIэр хузоупс, и джанэр зызохъуэкI. «Ухэу-ху-ху, си гум зигъэпсэхужьаи, мис иджы хэти къерекIуэ», - жеIэри, езыри мащIэу мэгушIэ. ИтIанэ щIегъу: «Мо си тумбочкэм щампанскэрэ кIэнфетрэ дэтщи, къыдэхи, бзылъхугъэхэм ет, нобэ абыхэм я махуэщ, лэжьапIэм укIуэжмэ, ди цIыхубзхэми схуеэхъуэжьуж».

Шобжагъуэ нэужь хьуху сызыбгъэдэса Аслъэн пщыхьэщхьэм щытегъэзам дуней ехыжат. Куэдрэ си щхьэр зыфIэзудыжащ мазэ псом сызэрыбгъэдэмысам щхьэкIэ, хэт ищIэрэ, и ужьрей псалъэ е и узэст гуэр зэхэсхьжьнкIэ хьунт...

Даур Аслъэн нобэ къытхэмытыжми, лъэпкъым къыхуигъэна фэеплъ дахэр, лэжьыгъэшхуэр уахътынщэщ.

Нобэми си нэгум куэд къыщIохьэж си ныбжьэгъум теухуауэ. Ауэ зы Iэхуэгъуэ ямылейуэ гукъинэ сщыхъуащ. Аслъэн щIэтпхьауэ кхъэм дыкъыщыдэкIыжьым, къыздикIари сымыщIэу, цIыхубэ гупым матэхэм ярэу уд гъэгъа Iэрамэзышхуэхэр кхъэхри, щIигъанэу кхъащхьэм тралъхащ. Абдежьым сигу къэкIаращ: ярэби, Аслъэн итха «Удз гъэгъа» уэрэдыр и псэм фэеплъ хуищIыжами ярейти.

КЪАРДЭН Хьэсэн,
композитор,
УФ-м и цIыхубэ артист.
2010 гъэ.

И вагъуэр ноби маблэ

Лъэпкъым папщIэ

ДЭ нэрыбгищу драIат унагъуэм: си дэлъхэ нэхъыжь Назир, сэ, Аслъэн. НэхъыщIэ дыдэр Аслъэнти, тIэкIу нэхъ гъэфIаущ. Ауэ зэрыщIыкIуэр ямылейуэ набдзэгубдзаплъат, илъагъуэр, зэхихьр псынщIэ дыдэу къиубыдырт. Ди анэр пшынаэу Iэзэти, арауэ си гугъэщ Аслъэн гъуэджьэм гу хуезыгъэщIар. Пшынэр кьищтэрти, зыгуэрхэр кьригъэкIыну хуежьэрт си дэлъхум. Япэхэм щыгъуэ ди анэм идэртэкъым, «щIалэ щIыкIуэр пшынэ еуэрхъым» жиIэрти. Иужьым, сабийр и фIэщыпIэу дихьэхуэх щIипльагъум, и Iэхуу зэрихуэжакъым.

Школми фIы дыдэу щеджащ Аслъэн. Дерс псомкIи Iэзэт, дыщэ медалкIи курыт еджапIэр къиухат. Уеблэмэ, ди республикэм щыщIу зы ф еджакIуэ «Артек» ягъэкIуну унафэ щыIэти, ар зыпльагъэсар Аслъэнт.

СощIэж, 10-нэ классыр къаухуэу экзамен ятын хуейуэ, школ бжэIупэм деж Iутт Аслъэнрэ абы и классэгъуэмрэ. Си дэлъхум зыгуэрхэр жиIэрти, и ныбжьэгъуэр дыхьэшхырт. Ар щыIэхихым, классым щIэсхэм зэран яхуэхьуу къыщIэкIынти, егъэджакIуэр къыщIэкIри жиIащ: «Сыт, Даур Аслъэн цIыку, нартыху гъэпIэнкIам ещхьу уущIэзэтелъэлъэщ, мыдэ уныщIыхьэмэ, уэрэдзэкIуэщIыльэлъэпIэм деплъынщ». Аратти, и чэзур къысрид, щIохьэ. УплIэ псоми фIы дыдэу жэуап иритауэ къыщIыщIыжьым: «Дэгъуэу сызэтелъэлъакъэ, Жэмалдин Мусович?» - жриIат егъэджакIуэм.

Аслъэн эзчиифIэу зэрыщытам и щапхъэ гъунэжу щыIэщ. Апхуэдэ зы фхуэсIуэтэжынщ. Абхъазым фестиваль щыIэу кIуат си дэлъхур, хорымрэ оркестрымрэ здишэри. Абы хэтахэм ящыщ зым жиIэжащ здэкIуам Аслъэн яхэкIыу псы Iуфэм деж зыгуэрхэр итхыу зэрыусар. ИтIанэ жэрыгъэкIэ къэкIуэжщ, нотэр къызэкIуэщIихри, оркестрым жриIэзIащ Абхъазым теухуауэ абдеж щитха уэрэдыр. Фестивалыр щекIуэкIым, а уэрэдым Iэгуауэшхуэ хуаIэтат, пэшым щIэсу хъуар щыту зыбжанэрэ жрагъэIат.

СыбзыщIынутэкъым жагъуэгъу куэд Аслъэн зэриIар. Къефыгъуэу армырамэ сщIэртэкъым, ауэ гъуэгу кърамыту, и макъамэхэр дунейм зэззэмызэ фIэкIа къытрамыгъэхьэу апхуэдэ зэмаи ныкуиихуат. Ауэ зэчий зыбгъэдэлъым упэльэщын?! Мес, и IуэхущIафэмрэ и цIэмрэ зэралэтар псоми дощIэ...

Ар сыт щыгъуи пIащIэрт. Куэдри, дызэхуэзфырыткъым. «Елей, Аслъэн, уи шыпхъу закъуэм деж щхьэ нэхъыбэIуэрэ лъагъунIъагъу укъэмыкIуэрэ? - жысIэу гукъанэ сщIамэ, «Зэ умыпIащIэ, Майе, ирикъунэ, ирикъунэ, сэ иджыпсту мобы солэжь, модрейм иужь ситщ, сыпсэуху си лъэпкъым зыгуэр хуэсщIын хуейщ», - жиIэрт...

Ноби си фIэщ хъурмакIэ Аслъэн мыпсэужу. КьысфIощI моуэ пIащIэ кьыщIолъадэу, здэщыIахэм, зыхуэзахэм, итхахэм я гугъу кьыскуиищу щIэпхъуэжьын.

ДАУР Майе.
2010 гъэ

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр Налшык щызэIуощIэ. *ИжьмкIэ къыщыщIэдзауэ:* **композитор Даур Аслъэн, музыковед, тхакIуэ Хьэхъупащ Хьэжбэчыр, уэрэджыIакIуэ Гъэсашэ Наталье, композитор Молэ Владимир.** *1988 гъэ.*

Ар сыт щыгъуи пIащIэрт

ЦIыхум ущыдэлажьэкIэ, махуэ къэс ущIэзэрыгъакIэ игъащIэкIэ апхуэдэу екIуэкIыну ящыпфIощI. Ар щыжьысIэращи, хэт и гугъэнт Аслъэн апхуэдэу зэуэзэпсэу тхэкIыжьы?

ДЭ, профессиональнэ композиторхэр, куэд дихьэркъым, цIыху зытухущ. Аслъэн дунейм щехьжам щыгъуэ шэуэ къыттехуат икIи хуабжьу зыхэтщат. Щхьэх, езэш жьхуэпIэр имыщIэу лъэпкъ щэнхабзэм, гъуэзджьэм хуэлэжьа цIыхущ Даурыр. Сэ езыр сыкъапщтэмэ, макъамэ стхыну сыщетIысхьIэр си гум сыкъэщIрихуэжьIым дежщ. Аслъэн аратэкъым - мыувыIуэу лажьэрт, макъамэ тельыджьэхэри щIэх-щIэхыуре къигъэщIырт. ГъэщIэгъуэнраквъ, сыт хуэдэ Iуэху иужь имыхьэми, сыт хуэдэ жанрым зримыпщIыти, псынщIэу, гугъу лъэпкъ демыхь кьыпщыхъуу, кьхъэхуIэрт. Ар зэчиишхуэ зыбгъэдэлъым я нэщэнэу кьыщIэкIынщ. Язынныкъуэ творческэ цIыхухэм щебылъагъу е ядыбощIэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэ: зыгуэрым макъамэ тельыджэ и Iэдакъэ къыщIэкIамэ, апхуэдэм гукIэ щыхужьаIэ щыIэщ: «ЕIымеI, сэ сымытхыу абы дауэ хуэзфIэкIа ар?» Аслъэн абы теухуауэ гу кьабзэт. Хэт сыт хуэдэ Iэдакъэщ IэкъыфI къемыкъуIамэ, ар зейм зэрыхуиГъэдэжэн, зэригъэгушхуэн иужь итт. Кьапщтэмэ, сэ стеухуауэ тхьилъ цIыкIу гуэр кьыдэкIат зы гъэ. Аслъэн абы рецензэ хьэлэмэт хуитхащ, сигу къэмыкIыххэу. Си щхьэр лъагэу сигъэлъагъуэт, игъащIэм зыгуэрым сэ стеухуауэ псалъэ IэфI, псалъэ дахэ жиIамэ, етIуанэт. Илъэс 50 сыщIикъум щыгъуэ аргуэру тхьилъэ купщIафIэ сэ стеухуауэ газетым къытригъэзат.

Ар сыт щыгъуи пIащIэрт псэуну. Iуэху куэдми зэуэ зрипщIтырт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псори и кIэм хунэгъэсакъым. Язынныкъуэхэм дежи кьызгурымыIуэу сегупсысырт: «Ди ныбжьэгъум псори зэуэ зэфIиудыну щхьэ хэт?» - жысIэу, Даури, дэ кьыдгурымыIуэ зыгуэр хэлъащ адыгэ и дунейм. И псэм кьыщIаущ къыщIэкIынт ГъащIэ кIыхь зэримыIэр.

ЖЫРЫКЪ Заур,
композитор.

СЫЩIАЛЭУ, «Черкес хэку» газетым сыщыпIэжьэн щIэздзагъащIэу, пэшым щIэт телефоныр къоз. Кьытесхмэ, къэпсалъэр Даур Аслъэнт. «Тыркубий, - жиIащ, - ухущIыкьхьэмэ, си унэмкIэ укъэщIыхьэфамэ си гуапэт. Газетым тебдза «Адыгэ хэку» уи усэм макъамэ щIэсльэхъащи, уезгъэдIуэну арат». СымыкIуэу хъурэт?! Сыльэтэным хуэдэу сынэсащ я деж. Пианинэм етIысылIэри, «Адыгэ хэку» зыфIэсща усэм щIилъхьа макъамэм еуэу, уэрэдри жиIэу сригъэдIуащ. «Иджыри зэ зэхэзбгъэхьн?» - щыжьысIэм, етIуанэуи сригъэдIуащ. Макъамэм апхуэдизкIэ сыкъэзащIиIэтат, дэрэжэгъуэ ин кьызитати, ар кьыпхуэмыIуэтэным хуэдизт.

Абы иужькIэ иджыри зы уэрэд, «Си кьуажэ» жьхуиIэр, здэтт-хащ. Аслъэнрэ сэрэ. Къэрэшей-Шэрджэсым щекIуэкIа зэпеуэм а уэрэдхэм 2-нэ увыпIэр кьыщыхуагъэфэщауэ щытащ.

Пэжщ, дэ апхуэдэу куэдрэ дыззэхуэзэрт-тэкъым. Ди зэлуащIэхэри кIэщI дыдэт - Аслъэн сыт щыгъуи пIащIэрт, гупсэхуу уэрщэрыну зэман игъуэтыртэкъым. Илъэс 59-рэ иримыкъу фIэкIа къимыгъэщIами, лъэпкъым куэд хуэзыщIа, адыгэм ди пщIэр зыIэта цIыхуущ. ЖыпIэнуракъэ, абы и гъащIэ кIэщIыр макъамэ зэфэзэщт. Езыр апхуэдизкIэ псэ къабзэт, малъхъэдисым хуэдэу узыщIиэрти, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми ухуэзамэ, псэльагъу пхуэхъуамэ, сэ сыщIэхэри кIэщI дыдэт - Аслъэн сыт щыгъуи пIащIэрт, гупсэхуу уэрщэрыну зэман игъуэтыртэкъым. Илъэс 59-рэ иримыкъу фIэкIа къимыгъэщIами, лъэпкъым куэд хуэзыщIа, адыгэм ди пщIэр зыIэта цIыхуущ. ЖыпIэнуракъэ, абы и гъащIэ кIэщIыр макъамэ зэфэзэщт. Езыр апхуэдизкIэ псэ къабзэт, малъхъэдисым хуэдэу узыщIиэрти, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми ухуэзамэ, псэльагъу пхуэхъуамэ, сэ сыщIэхэри кIэщI дыдэт - Аслъэн сыт щыгъуи пIащIэрт, гупсэхуу уэрщэрыну зэман игъуэтыртэкъым. Ди зэлуащ

● Псалъэжьхэр

Дахагъэм гур егъэгушхуэ

♦Абы нэхъ лажьэ акъужьым къимыхькІэ.
♦Ажалым «сынокІуэ» жиІэркъым.
♦Аргъуэй мыдзакъэ щыІэкъым.
♦Бабыщ псым итхьалэркъым, мэлыхъуэ хьэм ишхыркъым.
♦Бжэнми жьакІэ тетщ.
♦Бзэгум цІыхур зэрегъэукІ.
♦Бийм и пІалъэр ущыІущІэщ.
♦Бзэр зэзым нэхърэ нэхъ дыджщ, фом нэхърэ нэхъ Іэфщ, джатэм нэхърэ нэхъ жанщ.
♦Гуемыёу хъыбарыр щІэх зэлъащІыс.
♦Гум дэбгъахуэр фэм къеІуатэ.
♦Дахагъэм гур егъэгушхуэ.
♦Делэр гугъуэрэ жьы мэхъу.
♦Дыщэр уэсу къесмэ, уасэ иІэнтэкъым.
♦Джэдум и щхьэр зэрыкІым ипкъри йокІ.

● Гушыіэ

Дауэ пхуэгъэгъуа?

Ахьмэд шыгукІэ бззэрым къикІыжырт. Абы и бззэр Іуэхуэкъи хъарзынэу зэфІигъэкІати, адыгэ уэрэдыжьыр къыхидзарэ зригъэщІеикІауэ шыгум ист. ШитІыр апхуэдизкІэ уэдыкъуати, я дзажэналъэ къыхэпІиикІхэм утеуІуамэ, Ахьмэд жиІэ уэрэдым и макъамэр тыншу къыпхуигъэкІынт.

Аузэр здэкІуэм, щІалэ гъэзгурыкІуэ къыхуэзащ.

- КъитІысхьэ, ныбжьэгъу, уздэсшэнщ! - жиІащ Ахьмэд.

Гъэзгурыкіуэм, шыгум къызэритІысхьэхэу, шитІыр зэпиплъхьыжу хуежьащ.

- СлІо, ныбжьэгъу, шы уищыпэлъагъу? Мы си шитІыр сыту хуабжьу зэпуплъыхьрэ?

Здэкіуэм нэсыху гъуэгурыкіуэм зыри жиІакъым.

- Бззэр кіуам зы дзажэ цІынэ къэсщэхуати, схуэмыгъэгъу хьэпІацІэм сфыызэщІищтащ, - жуэап итыжащ щІалэм, шыгум щелъэжьым. – Е гъэзгу махуэрэ, хьэпІацІэ химыщІэу уэ мы уи шитІыр дауэ пхуэгъэгъуа?

ДУДАР Хьэутий.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ усакІуэ щІалэхэм я зэІущІэ. *Сэмэгумкіэ къыщыщІэдзауэ:* **Гъубжокъуэ Лиуан, Къэжэр Пётр, Мысачэ Пётр, Жаным Борис, Тхьэгъэзит Зубер, Брай Адэлбий.** *Налшык, 1960 гъэ*

● Жыіэгъуэхэр

Дэгъэзеигъуэм щІащІэр егъэзыхыгъуэми щІатІыкІыркъым

✱Жащыр зыгъэпсынщІэр жейщи, жейр зыгъэІэпэхъуэр Іуэхущ.
✱Жьжьэ уплъэнымэ, ялэщІыкІэ гъунэгъур лъагъу.
✱Жылэм емыщхьыр Іэтащхьэ мэхъу.
✱ЖьантІэр къэзылэжьыр жьыгъэрэ лыгъэрэщ.
✱Жьакіэм ихьа пащІэм кІихьыжьыркъым.
✱Жьакіуэ мыхъуурэ жьантІакІуэ хъуащ.
✱Жьыр къыщепщэмкІэ зигъазэри, и кІэн кІикІащ.
✱Зэгурыіуэ здэщыІэм фІыгъуи щыІэщ.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Сабийхэм папщІэ

ЦацэІ и фо!

Мыщэ шыр бэлацэ,
Уигъэтхэнущ ЦацэІ.
Къыхуахьащ фо хьэкІуэ,
Уигъэщхьнущ, къакІуэ:
ФощІэж япэщІыкІэ,
ФоІумыл нужькІэ…

ЩІымахуэ

ЩІыІэр къызэрысу,
Дыгъэр мэхъур «уэд».
Нанэ къызэгъурысу,
СхуещІыр щы лъэпэд…
СыщІагъэкІкъым унэм -
Уэсыр къотІэтІэх.
Дади Іусщ щхьэгъубжэм -
ЩІыІэм егъэщхьэх.
ПщІантІэм хьэр щобанэ -
Къаджэр зэхъумых …
Уэсыр къосыр Іуву,
ИІэкъым кІэух.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Ущие зыхэлъ хъыбар

Адэм и уэсят

ЛІыжьыр дунейм щехыжьым и кІуэ закъуэр зришалІэри, уэсят кІыхъуищІыжащ, итІанэ ар и щхьэгъуэсэм елъэІуащ:

- Ди щІалэм сыт ищІэми, упэрымыуэ, зэран ухуэмыхъу.

Фызыр есатэкъым и щхьэгъуэсэм и псалъэр тІу ищІу, абы и Іуэхухэм хэІэбэу. Ар я щІалэ закъуэм къыхуагъэна уэсятми щІэупщІакъым. ЛІыр лІа иужькІи абы и лъэІум текІакъым.

Ауэрэ зэгъэрым щІалэм зыри мылъку кІуэмылъыж, щхьэлажьэ хъуным нэсауэ и анэм жриІащ:

- Уа, уэри си адэри фызижагъэгъэгъуу ара? Уэри зыри къыспэбубыдакъым, си адэми мыпхуэдэ уэсят къыхсуигъэнауэ щытащ: губгъуэм уихьамэ, зы цІыкІум фІэхъыс иумых, Іэнэгу уитІысхьамэ, уигу иримыхьын умыщ, махуэ къэсыкуКІэ вакъэщІэфІэкІа лъымытІагъэ. Абы жиІар згъэзащІэурэ утыку сыкъинащ. Губгъуэм сихьамэ, зыми фІэхъус езмыхьуурэ, си ныбжьэгъуэхэми си адэм и цІыхугъэу щытахэми я щІыб къысхуагъэзащ. Сигу иримыхьын сымышхыу-рэ, си адэ къысхуигъэна мылъку тІэкІур згъэбзагъэн дэнэ къыщына, сурыпащ. Махуэ къэсыкуКІэ вакъэщІэкъэщхуным щІыхуэхэмыкІ сищІащ. Догуэ, си адэр си жагъуэгъуу арат?

- Хьэуэ, си щІалэ, - жиІащ анэм. - Уи адэр уи жагъуэгъутэкъым. АтІэ фІыщэу укъиІьагъурти, и уэсятымкІэ сыт щыгъуи жьауэу къыпщхьэщытыну хуеІуэ аращ. Ар дунейм щехыжьым сэри къызэлъэІуат зыкІи сыппэрымыуэну, уэ укъызэмыупщІауэ зыри бжезмыІэну. Иджы укъызэупщІащи, къэдаІуэ. «Зыми фІэхъус иумых» щыжиІэм абы къригъэкІар мыращ: губгъуэм псом япэ уихьатэмэ, абы накІуэхэм фІэхъус къуэхьнурэ уэ жэуапэр ептыжьну арат. Апхуэдэу жьыуэ утэджрэ махуэ псом улэжьа нэужь, сыт хуэдэ шхынри гурыхь, Іэфі пщохъу. Иджы вакъэм щхьэкІэ. Пщыхьэщхьэм лъыпхэ вакъэр зыхуей хуэбгъазэрэ бзаджэу бгъэувыжмэ, ар пщэдджыжьым щІэрыпсым хуэдэу къыбоштэж. Аращ си щІалэ, уи адэм и уэсятым и купщІэр. Иджыри щхьэкІэ вакъэщІэрыхуакъым ар бгъэззэщІэну. Уэркіэ сэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъщ. Уи адэ ещхь укъужьжьыкІ. Анэм дежкІэ зэрыхуейм хуэдэу хъуа и быным и ужь иплъэным нэхъ насыпт щІэкъым.

● Пшыналъэ цІыкІухэр

Си гум и уэрэдым къыщІедзэж...

УЭ УГЪЫНУ ущыхуейкІэ, гъы-тІэ, си псэ! Тхьэмпэ цІыкІуэхэм пылъ пщэдджыжь уэсэпсым хуэдэу, уи нэбжьыщ фІыщІэхэм нэпс ткІуэпс цІыкІуХэр прецІуукІ. Сэ дыгъэ зысщІынщи, сыхъэсакъыпэурэ ахэр пысхынщ. Уэ угуфІэну ущыхуейкІэ, гуфІэ-тІэ, си псэ. УдэщІэ къэзгъэгъам зэрыщхьэщытым хуэдэу, сэ маззэгъуэ дахэу сыкъыпщхьэщыуэнщ. Уэ укъыхэзгъуэ гухэпъ щІы. ИтІанэ, си псэ, къжкІу уи гум и лъагъуныгъэ хэшхуэр, сэ кхъухь зысщІынщи, сынытехьэнщ.

* * *

«ДИ ГЪУНЭГЪУР пщэдей къэкІуэжьну жаІэ. Сыту фІыт! Сэ Іейуэ абы сыхуэзэшащ. Абы сыкъицІыхужьыну пІэрэ? Ар илъэситху ипэкІэ сыкІэлъыплъу езгъэжьат. Езыри къаплъэрт: «Ин хъуэа нэужь, хъыджэбз дахэ дыдэ ухъунущ уэ», - жиІэу. Ар махуэу къыдзамыхьэжтэмэ, арат. Гъэзлъыжьигъуэм фІэкІауэ къэсыжамэ, нэхъыфІт. Ди дежкІэ щыблэкІыжкІэ си щхьэгъубжэр блэуэ езгъэлъагунт, си шэгъуэ хъуауэ жейм сызэремызэгъыр къезгъэщІэну».

«Уа, си хъыджэбз, сыту уделэ уэ! Щхьэ умыгъуэлъыжра? Жэщ нкъуэм фІэкІащ».

«Сэ, мамэ, уэздыгъэр згъэункІыфІын сошынэ».

* * *

«ЛІО, ухущІэмыхьэу ара? Дапщэрэ сынолъэІуа: «Зэгъуэсу тІэкІу къэдгъэкІухь, ди Іэпэр зэрыІыгъыу», - жысІэурэ? Ильэс дапщэ хъуауэ сынолъэІурэ. Щхьэ апхуэдизрэ зыбгъэпагэрэ уэ!»

«Сэ зызгъэпагэу аракъым. ПщыхьэщхьэкІэ уэрамым фызыжь куэд тесщ».

«ЛІо-тІэ, абыхэм ущышынэу хьэмэрэ уащыукІытэу ара?! Хъунщ-тІэ, сэ уэзгъэлъагъунщ сщІэр. Пщэдей сыкІуэнщ си ныбжьэгъу сучэттехым дежи, уи сурэт езгъэщІынщ сэ схуэдизу».

«Сыт щхьэкІэ?»

«Дахэм хуэдэу, ар гу цІыкІу ислъхьэнщи, уэрамым къесшэкІыу сыдэтынщ, псоми езгъэлъагъуу».

* * *

«УЭ УЕЖЬЭЖРИ, си нэпс мыухым гур игъэгъущауэ щхьэгъубжэм сыІутт, гъуэгушхуэм сынриплъэу. Ауэ уэ къзбгъэзэжнт? Уэ сыту сыпщІыжынт? Сэ си уэрэдэр жысІэн сухат, си удз гъэгъахэр пыгъукІыжат, си гум жьауэ имыдзыж къыпфІэщІыр.

Хэтыт а псор зи лажьэр? Уэракъэ унэм сыщІэзыгъэсар, бжэи щхьэгъубжи Іэзымыгъэхыу. Дыгъэпс къыстребгъэда, акъужь къабзэ къысщІебгъэха а гъэхэм? НапІэр дэбдзейуэ къебдзыхыжьхуащ зы гъащІэр. Иджы уэ сынокъэжьыркъым, ауэ сытми щхьэгъубжэм сыІусу аращ, блэкІам сыкІэлъыплъыжу. Догуэт! Мыр сыт? Тобэ, тобэ. Тхьэрыкъуэ дахащэ си щхьэгъубжэм къытетІысхьащ. Сыт, си псэ, умэжалІэрэ, упІыщІэрэ, хьэмэрэ хэзгъэтхыхьурэ уеша? Ей, си хьэщІэ лъапІэ... (Ар зимыгъэхъейуэ къызопльри щысщ). Сыт апхуэдизу укъыщІызэплъыр?.. Си гум кьеуэн щІедзэж... Сыт мы уи нитІыр зищІысыр?.. ЦІыхунэ?.. Ухэт уэ? Ей, тхьэрыкъуэ цІыкІу, ухэт уэ? Си гум Іущащэу щІедзэж... Ей, тхьэрыкъуэ, тхьэрыкъуэ...

Сэ сыщыІэбэм, ар мэлъэтэжьам, дыгъэпс мэхъуж.

Си гур абы игъэпІейтеящ... Си гум уэрэд гуэрхэр кьиришу щІедзэ. Си гум аргуэру уэрэд къреш!.. Си гум и уэрэдым къыщІедзэж, си псэ! Сыты гъэщІэгъуэн мы дунейр: напІэр дэбдзейуэ къебдзыхыжьхукІэ гъащІэ псо мэхъу.

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **1.** Нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкІэ, Іэщхэм я тхъэ. **6.** Къалмыкъ БетІал щхьэкІэ жаІэу щытащ «Къру ...» **8.** Хывым зэреджэ нэгъуэщІыщІэ. **9.** Ди республикэм ис лъэпкъхэр ... быдэкІэ зэпыщІащ. **10.** Гушыіэр ... и щІасэщ. **11.** Таурыхъхэм къыхэщІыж фызыжь хьилэшы. **13.** Школым щІагъэуз щемыджэ ныбжьыщІэм нэхъыбэу аращ хуагъэувыр. **14.** Пльхьстэн вакъэ пІащІэ. **15.** ЩІалэ цІыкІу зэраным гу къыщыпэтэм, ... зищІыжащ. **17.** ЩІалэ бжьыфІэ, екІу. **20.** Фызыжьым и къуэм жреІэ: «Е гуфІэгъэуэщ, е гуэзвэгъуэщ жысІэри, ахъшэ ... дзэдзыхащ». **21.** Гъэмахуи щІымахуи зи тхьэмпэхэр щхъуантІэ жыг. **22.** Ди гъунэгъум и ... къикІащ: лотерейкІэ машинэ къихьхэущ. **25.** Пасэрей зэрыпыджэ Іэщэ. **26.** Зи Іуэ ит нэхърэ - зи . . . ит. **27.** Адыгэ таурыхъхэм узыщІихьэлІэ шы лъэрызехьэ: щыхуейм мэпсэлъэф икІи мэлъэтэф. **30.** КІыщІым щІэт Іэмэпсымэ. **31.** ЦІыху хэй зыІэщІэкІуэдам хуэмыгъэгъуным теухуауэ адыгэм къыдекІуэкІыу щыта хабзэ. **33.** Жыг лъагэщхуэ. **34.** Нэхъыапэм зауэлІхэм я бийм зэрызыщахъумэу щыта ГъущІ пІащІэ шапэІуда. **36.** Вакъэ е пыІэ щащІкІэ къагъэсбэп щапхъэ. **37.** «Вагъуэ ... » орден. **39.** Лым трищІэ пшэрыпІэ. **40.** ГъэшхэкІ. **42.** Абы тутын иракІытэурэ ирофэ. **43.** Псэлъэным хуэІэзэ цІыху. **44.** ... - гурыщІэ. **45.** Гъэмахуэм - ..., щІымахуэм - гу щІы. **46.** Псыхьэ кІуэм и пэгунитІыр абы фІедзэ.

Къехьу: **2.** Іэщхэм (цІыхухэми) я щІыфэм гъэмахуэ зэманым зыхэзыукІэ цІыв цІыкІу. **3**. ... имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **4**. ІэмыкіуэлъэмыкІуэ. **5**. Дин Іуэхуку Саид Хьэрыл къэралыгъуэм щыІа цІыху. **6**. ... и жапІэр ешыж къегъуэтыж. **7**. Удз: уемыІуэ - укъыдсынщ. **12**. Зимыхьэпшыт щэхуу зыгъэкІуасэ. **13**. Щхьэгъусэ къэзышам и благъэщІэ. **16**. Ди республикэм и «Спартак» футбол командэм и гъуэщхьауэ щІэрыІуэу щыта, нэгъуэщІхэм я гъуэм топи 100-м щІигъу дзэзыгъэкІа ... Руслан. **18**. Тэрэ районым щыщ къуажэ. **19**. Пшынауэ щІэрыІуэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **23**. ЩІалэщІэр ... куцІрэ фо цІынэкІэ япІащ. **24**. ЦІыху мыхьэнэншэм хужаІэрт: «Ар ... фІыцІэжь и уасэкъым». **28**. Псыдзэм кърихьэх жыгхэр, пхъэхэр. **29**. Іэпслъэпсым щыщ. **31**. Рабочэм ... тхьапъ итхри, зигъэпсэхуну мазэкІэ и Іэнатіэм Іукіащ. **32**. ... зытехэ къэбыр нэхъ Іэфі мэхъу. **35**. АдакъэщІэрэ ... пІастэрэ. **36**. Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэр хьэщыкъ ящІ ди ... щхьэ тхъуахэм. **38**. Щхьэхынэ, зи Іуэху Іыхьэр хуэм дыдэу фІэкІа зымыпэжь цІыху. **39**. ЩІалэм и фочыр хъищтэри мэзым ... кІуаш. **41**. Адыгэш. **42**. Шыуанышхуэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Бадзэуэгъуэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. Мурат. **7**. Бытыр. **8**. Быф. **9**. Хъурмэ. **10**. Къарэ. **11**. Мэшбащэ. **12**. Егъу. **14**. Уз. **15**. Къургъакъ. **18**. Къззэр. **19**. Аргъей. **22**. Екъу. **26**. Благъэр. **27**. Маршал. **28**. Унэ. **33**. Курыбэ. **35**. Мэхъуэш. **36**. Жьынду. **37**. Гухъу. **38**. Сэ. **39**. Левитан. **42**. ШышІэ. **43**. Алан. **45**. ІКакхъу. **46**. Тумэн. **47**. Билал.

Къехьу: **1**. КІумыхъу. **2**. Зауэм. **3**. Щыпкъэ. **4**. Армэ. **6**. ЩІыІуб. **13**. Гуаэзэ. **14**. Уагъэ. **15**. Къурэ. **16**. Гъэ. **17**. Къан. **20**. Ибэ. **21**. Гугъэ. **22**. Еру. **23**. Умэ. **24**. Бру. **25**. Кхъулэ. **29**. Сытхъу. **30**. Гъужь. **31**. Аму. **32**. Тхъупс. **34**. Хъун. **39**. Пэдзж. **40**. Инат. **41**. Назир. **42**. Шатэ. **44**. Нало.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КІэртІоф гъэва гъэдижа, кхъуей плъыжь хэлъу

КІэртІоф гъэвам и псыр щІагъэжри, ягъэупщІыІу. И фэр трахри, зэпэплпимэ щІыкІуурэ яупщІатэ, г 8 - 10 я хьэпІагъуэр. Ар дзэху хьэкъуащхьэм иралъхьэ, кхъуей гъэщэщар абы халъхьэ, бжьыныхуэ уба шыгу хэлъу, шыбжий сыр хьэжа, шатэ щІакІэри, хуэсакъуэрэ зэІащІэ, щхьэтепІэр трапІэри, дакъикъий-пщІы хуэдизкІэ щІыІапІэ ягъэув, нэхъ диин икІи нэхъ зэхэщІыспсыхьын щхьэкІэ.

Іэнэм щытрагъэувэкІэ пІинэ къищІу тепщэч цІыкІум иралъхьэ. Абы бжьын цІынэ зэпыгъэлъэпъа трагъэщІащ. ПІастэ щІыІэ, чыржьи, хьэлІамэ, мэжаджэ, щІакхъуэ даших.

Халъхьэкэр (зы цІыху Іыкьр): кІэртІоф гъэвауэ - г 100, кхъуей плъыжьу - г 20, бжьын цІынэу - г 5, бжьынышхуэ укъэбзауэ - г 10, шатэу - г 50, шыгу, шыбжийуэ - узыуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьакіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласа Зауэбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марин**э (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, НэщІэпыдкэ Замир**э, **Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэз**э

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжжьнымкІэ - 42-60-53; узышІагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; здэсэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеухуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитынымгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, БэсэнІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4, 5-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.938 ● Заказ №1480